



Nouriti nan Lekòl yo pou TOUT timoun ki gen 18 an ou mwens

Pou nou kapab sipòte kominote nou an ki afekte anba maladi COVID-19 la, depatman Sèvis Nitrasyon nan Lekòl Piblik Collier County ap etann Pwogram Sèvis li te Tanmen nan Sezon Ete a (SFSP) apati **lendi, 14 septanm 2020**. **Nou pral sèvi dejene ak manje midi gratis bay TOUT timoun ki nan laj 18 an e ki gen laj ki pi ba. Sa ap enkli elèv ki vini pran kou nan sal klas nan lekòl yo ak elèv ki ap pran ansèyman vityèl atravè Classroom Connect oswa eCollier Academy.** Pwogram nan pral kontinye jis rive vandredi 18 desanm 2020.

Pou timoun ki pa ko ale lekòl an pèsòn:

- Tout lekòl pral genyen yon espas devan yo pou distribye manje
- Timoun ki genyen 18 an ak sa ki pa ko rive nan laj sa a gen dwa ale nan NENPÒT liy devan yon lekòl pou resevwa yon pla dejene ak manje midi
- Nou ap distribye nouriti yo chak jou lekòl
- Men a ki lè manje yo ap sèvi:
 - Lekòl Segondè: **7:30-8:30 am**
 - Lekòl Elemantè: **8:30-9:00 am**
 - Lekòl Mwayen: **9:30-10:00 am**
 - Lekòl Everglades City: **9:30-10:00 am**

Paran/responsab gen dwa pase pran nouriti san prezans pitit yo depi ke yo genyen fòm idantifikasyon pitit yo avèk yo, tankou kat idantifikasyon lekòl la ba yo, batistè, paspò, kat idantite yon gouvènman bay timoun nan, kat sekirite sosyal, oswa nenpòt dokiman ki pwouve idantite paran/responsab la ak ki sa li ye pou timoun nan.

Nou vle ou note ke nouriti yo ap bay devan lekòl yo pral disponib tou nan jou ke elèv yo pral rete lakay yo pou pran ansèyman vityèl, ki se 18 septanm ak 30 oktòb jan sa afiche nan Kalandriye Akademik CCPS la.

Selon dwa sivil Federal ak règleman e regilasyon dwa sivil Depatman Agrikòl Dèzetazini (USDA), yo entèdi USDA a, Ajan li yo, biwo li, e anplwaye li, e enstitisyon ki patisipe oswa administre pwogram pou diskrimine kont ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil ki te egziste oparavan nan nenpòt pwogram ki administre oswa fonde pa USDA. Moun ki genyen andikap ki egzije mwayen komunikasyon altènatif pou enfòmasyon pwogram nan (pa egzanp: (Bray, gwo lèt, odyo tep, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Eta e lokal) kote yo aplike pou benefis. Endividi ki soud, tande di oswa ki genyen andikap nan diskou kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. Annadisyon, yo kapab rann enfòmasyon yo bay nan pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Pou pote yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan, konplete Fòm pou Pote Plent Kont Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, (AD-3027) ke ou ap jwenn nan entènèt: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi mete tout enfòmasyon ke yo mande nan fòm nan. Pou egzije yon kopi nan fòm pou pote plent lan, rele (866) 632-9992. Konplete fòm ou oswa lèt ou a epi soumèt li bay USDA pa lapòs nan: Depatman Agrikòl Dèzetazini. Biwo Asistan Sekretè pou Dwa Sivil 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410; faks: (202) 690-7442; oswa pa adrès elektwonik: program.intake@usda.gov. Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki ofri opòtinite egal.